ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ХЕКІЫНЫР

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКІ

№89 (21.997) ● 2011 гъэм накъыгъэм (маймэ) и 19, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр сомы 3-щ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

● Дыгъуасэ

УпщІэхэмрэ жэуапхэмрэ

Дыгъуасэ Урысей Федерацэм и Президент Медведев Дмитрий эфир занщІэм пресс-конференцыр щриГъэкІуагъ. Абы къыриІуагъэр, къэрал зэмылІэужьыгъуэхэм кьиКІахэри хэту, журналист 800-м щІигъу.

А ЗЭЙУЩІЭР щекІуэкІар унафэщІыным щыхуагъасэ Сколковэ щыІэ ерджанІэр. Журналистхэм кьагъэува упщІэхэм зыкІэзэщІаубзадж ди кьэралым и гъащІэм дежьІэ мыхьэнэшхуэ зиІэ Іуэхугъуэ псоми. Щыбдагъэм и уасэр Урысейм эпымыууэ кьиІыльтэн хуей зэрыхьум, политикэ гІартхэм я зэхущытыкІэхэм, транспортым и техосмотрыр зэращІэмалхэм яГъуэтыну зэхьуэкІыныгъэхэм, Урысей Федерацэм и къэралІыбыр политикэр зыхуэзгъэпІэн - абыхэмэ нэгъуэщІ куэдми щІэупщІауз хьыбарегъащІэ ІэнатІэхэм я лэжьакІуэхэр.

А упщІэхэм жэуап щаритым зэрыжиІамкІэ, Медведев Дмитрий кьелыгъэ ОСАГО страховкэмрэ техосмотрымрэ эуІуу щытын хуеІуэ, техосмотрыр егъэкІуэкІыным МВД-м и Іуэху хэмыльмэ нэхьыфІу.

«Свобода» радиостанцыем и лэжьакІуэм кьиригъэува упщІэхэм жэуап щритым, Урысей Федерацэм и Президентым кьыхигъэщащ ди кьэралымрэ НАТО-мрэ я зэхущытыкІэхэр зэрефІакІуар, ауэ, 2008 гъэм ещхьу, ар езыгъэжІакІуар Іуэхугъуэу ПРО системэр кьиІэзэрыубр.

- ПРО-м кьэрал зыбжанэм я зэфІэкІыр егъэмащІэ. Ар зыхуэхэтІауэ жыхуаІэ кьэралхэм, Иранри яхэту, ПРО-м хуэгъэмащІэ зэфІакІэм хуэдэ яІакъым. Апхуэдэу щыщыткІэ, ПРО-р зыхуэунэтІар псом япэ ди кьэралрауэ хуэфбгъэфащэ хьунущ. Арамэ, абы кьыІэпиудыфынущ СБО зэгурыІуныгъэри, сыту жыпІэмэ дэ а щыхьэт тхьылъым гурыІуэгъуэ кьащыдгъэуващ ПРО-м и зэранкІэ кьаруухэр зещхьэщыкІмэ, СВО-р зэрядмыгъэзэщІэнур, - жиІащ Медведев Дмитрий.

КьищынэмыщІауэ, ди кьэралым и власть лъитащ Федерацэмкіэ Советым нэгъуэщІ зэхэлъыкІэ игъуэтынкІэ зэрыхьунум, абы хэтхэр Іэ Іэткіэ хэхыным Урысей Федерацэр зэрыхуэзкІуэфынум.

Пресс-конференцыр эфир занщІэм иту екІуэкІащ сыхьэти 2,5-кІэ. Ар кьагъэльэгъуащ Урысей Федерацэм и телеканал нэхьыщхьэ псоми.

ГЪУЩІО Зарифэ.

Адыгэ Іуэхур Къэрал Думэм нос

НАКЪЫГЪЭ мазэр дунейм и дахэгъуэ щхьэкІэ, ТекІуэныгъэм и махуэмрэ Адыгэхэм я фэеплъ махуэмрэ зэрихиубдам кьыхэкІыу уи гур зыгъэхьэрыкІ куэд телевизоркІэ плъагъун, гъэтехэм ятхыу укъеджэн хуей мэхъу.

Ауэ мы мазэм нэгъуэщІ Іуэхуфіхэри хиубыдащ. Ялэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэр кьыІэзрызэрагъэпэщрэ ильэс 20 накъыгъэм и 20-м зэрырикъурщ. ЕтІуанэр, Урысей пащтыкьыгъуэми Урысей Федерацэми я тхьыдэм иджыри кьэс хэмытауэ адыгэ Іуэхур кьыщІэзгъэтащ. Къэрал Думэм, нэхъ тэмэму жыпІэнымэ, Хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ абы и комитетым.

ЗэйущІэм хэтащ ДАХ-м и президент Ажахъуэ Кьанщобий. Абы нобэрей ди газетым фыкьыщедджэ. Дэ фызэщыщІгъэгъуэзэнур мы зэйущІэмрэ ар зытеуухуэжамрэ я гугъу щащІу Интернетым кьРалъхьа тхыгъэхэрщ.

«Московские новости» газетым и журналистым зэрыхуигъэфащэмкІэ, Къэрал Думэр адыгэ Іуэхум мы махуэхэм щыхэпльэныр кьызыхэкІар Грузиием и парламентым нахьыгъэм и 20-м иригъэкІуэкІыну зэйущІэм адыгэр генеоцид зращІэкІа лъэпкъыу кьэпльытэным теухуауэ зэрыщыщэзэпсэльэнрэ, Іэ зэрыщІэтэнырщ. «Грузиием апхуэдэ унафэ кьищтэрэ зэйущІыу ищІмэ, Сочэ щекІуэкІын хуей Олимпиадэм ныбжь тригъэдзэнущ»,- етх журналистым.

Хуэфэщ эксперт Арешидзе Мамукэ «МН» газетым и журналистым кьыжриІащ парламентым а унафэр кьызэрыдэтэнум шэч кьытомыхьэжми хьуну. Псори зэпльытар кьызытеувыІэну дыдэращ: «адыгэхэм геноцид иращІэкІащ» жаІэну, хьэмэрэ «адыгэ лъэпкъым и щхьэм кьрикІуа гуэзвэгъэшхуэр» псальэхэмкІэ зэфІагъэкІыну? Дэ фІыуэ дыщыгъуазэщ адыгэм игъэва гуэзвэгъэшхуэм. Ауэ Грузиием абы политикэ бгъэдыхьэкІэ кьыхуигъэтыну яужь ихьэмэ, езыми Армением кьыхигъэзвынущ 1915 гъэм Тыркым ермэлыхэм кьарищІар геноциду кьыльытэну. Апхуэдэу ищІэмэ, Грузием кьыщІыбгъуэ Тыркымрэ Азербайджанымрэ.

«МН» газетым кьельытэ адыгэ Іуэхур Къэрал Думэм зэхихыну хуэмеІуэ, мы зэйущІэр гуэдІуэ икІи щэхуу (журналистхэм кьыжраІащэ щымыІэу) екІуэкІауэ.

Ереван щыщ журналист Айрумян Наирэ зэриттыкІэ, УФ-м и Къэрал Думэм и Комитетым кьыщыспэльа адыгэхэм зыстрагъэщІар «геноцид» псальэрщ, ар зэрыщыщІам Урысейр евэлІэн зэрыуейрщ. Наирэ и тхыгъэм кьыхэгъэщІ Иорданием и Хасэм и унафэщІ Кьардэн Самир и псальэхэр: «Дэ ГъапсэрыхІ адыгэм кьыхуэкІауэ щыжьІэкІэ, абы зымащІэкІэ нэхъ мыхьэми пэувыІ ахъщэжьым дыщІадауэр, атІэ кьагурыдгъэІуэнращ дэ ди адэжьхэм я щыІуг дыдейуэ кьэтІыльтэну хуитыныгъэ псори дыззриІэр».

«Коммерсант» газетым зэриттыкІэ, Къэрал Думэм Хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым и ятэ къудзэ Климов Андрей мыращ кьажриІар: «Зыри гъэщІегъуэну хэлъхьэм Грузиер адыгэ Іуэхумкіэ зэрдэм щІатрагъэкІуар «геноцид» псальэрщ, ар зэрыщыщІам Урысейр евэлІэн зэрыхуейр. Наирэ и тхыгъэм кьыхэгъэщІ Иорданием и Хасэм и унафэщІ Кьардэн Самир и псальэхэр: «Дэ ГъапсэрыхІ адыгэм кьыхуэкІауэ щыжьІэкІэ, абы зымащІэкІэ нэхъ мыхьэми пэувыІ ахъщэжьым дыщІадауэр, атІэ кьагурыдгъэІуэнращ дэ ди адэжьхэм я щыІуг дыдейуэ кьэтІыльтэну хуитыныгъэ псори дыззриІэр».

«Коммерсант» газетым зэриттыкІэ, Къэрал Думэм Хамэ къэрал Іуэхухэмкіэ и комитетым и унафэщІым и ятэ къудзэ Климов Андрей мыращ кьажриІар: «Зыри гъэщІегъуэну хэлъхьэм Грузиер адыгэ Іуэхумкіэ зэрдэм щІатрагъэкІуар

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

Дыззэлжьын хуейхэр куэд мэхъу

(Жэуап, Пэщлъэгъу 1-ми нап.)

Ажахъэ Къанщобий

- ДАХ-р ильэс 20 ирикъуами, ар пIалъэшхэкъым Iуэхушхэхэр зи пщэ кьыдэхуэ зэгухэзыгъэм, тхыдэм дежкIэ. Зыри дымышIэжа ЖаIэу ар кьыдэзыдэлкIэхэр щыIэми, лъэпкъым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ Iуэху зыбжанэм ящэ дитщ. Абыхэм ящыIэ зыщ адыгэхэр зы лъэпкъыу дыкъалытэнчьи ехьэлIар. Дэ кьыдгуроIуэ ди лъэпкъым щыщ лIакъуэхэр псори зэрядыгъэр, ауэ ар мащIэщ: дызыхэсх къэралыгъэмэ апхуэдэу укъилъытэн щхьэкIэ, лэжьыгъэ егъэкIуэкIын хуейщ. Псалъэм папщIэ, зы лъэпкъым дыкъалытэшхэм ильэс и пэкIэ дыщыщIэупщIат ЩIэныгъэхэмкIэ Урысей Академием Лъэпкъ IуэхуэхэмкIэ и институтэм, мыхъур зытегъэуэжа тхыль кьыдатыжащ. Абы итщ кьэбэдэйкэр, адыгейкэр, шапсыгъэкэр, убыхэхэр псори зэрыщэрджэгъуэ (урысыбэзэ), езыхэр адыгэкIэ зэрызэджэжыр. Институтым а тхыльыр кьызэрыдитрэ ильэс дежьа пэтрэ, абы ельэлIауэ дызэпсэльами дызэхуэхтами, щыхуэхэр кьыщыхатхыкIым я лъэпкъыцIэр егъэтхыфаськым. Ауэ, зэман текIуэдэмкIэ, абы дызэрыхуэкIуэнум щэч хэлъкьым. Къэралыгъэ уэрэрысыр зы лъэпкъыу кьоплъмэ, сыт хуэдэ Iуэхуми нэгъуэщI зыгуэру убгъэдыхьэ мэхъу Щыкъу-щыкIуу гуэшарэ икIи зыу э кьымычIэтэмэ, уи зэхущытыкIэмкIи дызэпсэнущ.

Зэлэжьын хуей Iуэхущхэщ адыгэбзэр кьызэрагъэсбэзэпымрэ зэрырагъэжьымрэ. Бзэ щIэныгъэлIэр зэхуэтшэсу абы тедгъэпсэльыхьыну ди мурадщ.

ДАХ-р зэрыщыIэрэ йолэжь Хэкум кьэзыгъэзэжэну хуейхэм я Iуэхуэр зэрядгъэлIынум, нэхъ тынщ зэрахъунум. А кьалэным я зы Iыхьэщ хамэ къэрал кьыщыхъуа адыгэ щIалэрэуалъэу ди университетым щеджэм я бжыгъэм хэгъэхъуэныр. Мы зэманым Налшык щэныгъэ щыIэзэлIэгъэхэм дахуоIэу, доПсалъэ, дащыдэIэпыкъун хуей Iуэху гуэру куэд щыIэщи.

- ДАХ-м и зэхуэсыщхэр накьыгъэм и 19-20-хэм екIу экIынущ, хамэ къэралхэм кьикIа адыгэ ку эди хэту. А зэIущIэм сыт нэхъ зи гугъу щыфщынущ?

- Мы зэхуэсыр тIэкIу нэгъуэщI зыгуэру едгъэкIуэкIыну ди гугъэщ, зытеуэуэжар ДАХ-р ильэс 20 зэрырикъур аращи. Сирие, Иордание, нэгъуэщI къэралхэм иджыпсту щекIуэкI хьэлэбэлыкъэр адыгэхэм кьажьэуэнкIэ щыкIыжьэ щымыIэу. Iуэхуэр хейщи, абы кьэкIынуэхэм кIэщIу я псалъэ дедэIуэнущ.

Абы нэмыщIкIэ, ДАХ-м и зэхуэсым и пэ кьихуэу, УФ-м и Къэрал Думэм Хамэ къэрал IуэхуэхэмкIэ и комитетым зы гуп дригъэблагъэри ди лъэпкъыр зыгъэпIейтей Iуэхуэхэм дытетсэлIыхьажащи, ар зэрекIуэкIар, ажетIамрэ кьыджаламрэ кьызэхуэсынуэхэм ахэртIуэтэнущ.

- Ерэн дыщыбгъэгъэзэфыну ар зэрекIуэкIам, Кьанщобий?

- Къэрал Думэм Хамэ къэрал IуэхуэхэмкIэ и комитетым ДАХ-м зыхунгъэзати, кьэртIущIэну арэзы техьэщ, мафхуэмрэ сыхьэтI бжыгъэкIэ тухахри, зэIущIэм хэтынухэмкIэ дызэпсэльащ. Дэ дызыхуэщIэкуар адыгэ нэхъыбэу щыпсэу къэралхэм я Хасэм и лIыкIуэу Сэхьутэ Аскэр, Дунейпсо Адыгэ Хасэм кьыбгъэдэкIыу сэ щыIащ, ЗэIущIэм хэтащ Кьэбэрдеим, Кьэрэшей-Шэрджэсым я лIыкIуэу ФедерацэмкIэ Советым щыIэ Къэжэр Альбертрэ Дер Вячеславрэ, Къэрал Думэм хэт адыгэ депутатхэри.

Хэхэс адыгэхэм я Iуэхуэр зыхуэдэр, абыхьэм я гуныкьуэгъуэхэр, лъэпкъ псом ельэлIауэ ящI гупсысэхэр дэтхэнэ зыми жрагъащI. Абы ихьащ зы сыхьэт. НужькIэ депутатхэмкI кьриихьэлIа нэгъуэщIхэмэ я псалъэ зэIуущIэм щыжалащ. УФ-м и Къэрал Думэм Хамэ къэрал IуэхуэмкIэ и комитетым и унафэщIым и пэ кьэдзэ Климов Андрей кьыз зэрыхигъэщамкIэ, щхьэж и Iуэху епльыкIэр кьитхьэльэгъащ, Аух пытхьэдау Iуэхуэм тепсэльыхьыну апхуэдэ Iэмал щыIакъым. Нэхъыщхьэу а зэхуэсым кьрикIуэу къэсльытэр псальэмакъым кьыпысщэн, кьалэтэ Iуэхум зэрыгъэпсэлъэну м щыгугъуу, фIым тепльэу зэбгъэшIыжащ. Мы зэхуэсыр яфIэгъэщIагъуэну куэд щIэупщIащ, Iуэхуэр зэрекIуэкIам хуэгъэфэщауэ тепсэлъыхьэри щыIэщ. Ауэ ари ягъэ кIынукъым, сыту жыпIэмэ утепсэлъыхьын хуейуэ, кьрикIуаэхэр щыхуэм ящIапхъэу кьызэолытэ, ящежтIэжьи хуейуи ди кьалэнщ.

- ДАХ-м и ильэс 20-р щыIэныгъэ махуэм ирихьэлIэу тхьилъ зыбжанэ зэрагъэхьэзырым сыщыгъуазэщ. Абыхэм я гугъу уэгъэщIынут.

- Кьэбэрдеим, ди къуэш республикэхэм, нэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэм я тхыдэм теухуа тхыгъэхэр щхьэхуэу щыIамэ, иджы ДАХ-м и жэрдэмкIэ, и мылькукIэ ягъэхьэзырауэ мазэ зы-тIыкIэ урысыбзэкIэ тхауэ кьыдэжьнущ «Черкесы. Краткая история» тхылъыр. Абы гъэкIиящауэ итынущ тхыдэжьми адыгэ лъэпкъым и кьекуэжькIыр. Абы нэмыщIкIэ «Архивы и общество» журналым и 18-нэ кьыдэжьнгъэр ДАХ-м и лжьэлIэм теухуауэ щытынущ. Дунейпсо Адыгэ Хасэм и зэIущIэ кьэс УФ-м и унафэщIэм зэрызыхуагъазэ, нэгъуэщI документхэри кьыщыгащ. Ахэр зы тхылъыр Дзамыхь Къасболэт зэригъэлъэуауэ кьыдоIэ. Иджырэ тхыль зыбжанэ щэныгъэлIэхэм ятх.

Ахэр псори зыхуэунэтIар зыщI: нэгъуэщIхэм ди лъэпкъ Iуэхуэр ябгъэдэтлъхьэн и пэкIэ, дэ езым кьыдгурыIуэжьынхэ кьуэдыщ ди щапхъэ. Къэрал зыбжанэм дызэрыщыпсэуэрэ ильэсищэрэ щынэбжьлагъэкIэ, гъэсэныгъэкIи, гупсысэкIи, бзэкIи, нэгъуэщI IэдджэкIи дызэщхьэщыкIащ. Иджы зы лъэпкъыу, зы гупсысэм дызэрришаIэу дыщытыни щхьэкIэ, блэкIам дриплъжьыни, нобэрей ди щытыкIэр нэIуэ кьэзыгъэнущ. ИтIанэщ уэзыхуэщIыкъуну уиIэ мурадхэр убзыхуауэ утыку кьыщипхьынур. А гупсысэм, идеологием дыхуэжькIуэнэр зэрэфIэкъу, дызыгетIэжьэн хуей Iу эхуэхэр куэд мэхъу.

- НэгъуэщI къэралхэм щыпсэу адыгэхэмэ хэкурысхэми сыткIэ уахуэхъунущ?

- Адыгэхэр зэрыс къэралхэм щалагъэуащI я бзэкIэ щрагъэджэну зэхуэдэу псоми кьащеухьулIэркъым. Псалъэм папщIэ, Урысейм апхуэдэ Iэмал щыIэщ, ауэ арэзы утехьэу, и кIэм нэсу зэгъэпэщащэу жыпIэфынукъым. Израилым адыгэ къуэкIитI иситат, абыхьэм анэдэлъхьэ щIэныгъэ курыт еджапIэм и къэрал программэм хиубыдэу. Апхуэдэу, Хасэм и фIыгъэми нэгъуэщIхэм я сэбэпми, адыгэбзэр машIэу щрагъэдыкIуэ хуащI Сириемрэ Иорданиемрэ. Тыркуи къэралыгъэри зэрахущытыр зэрахущытам хуэдэкъым, хабзэхэм зэхъуэкIыныгъэ куэд хальхьащи, абы щыпсэу адыгэхэм псалъэмакъ кьыдэт адыгэбзэр яджыну хуит ящыными техуауэу. ХабзэкIэ хуит ящIащи езыхэм школ кьызэрагъэпэщу ирагъэджэну, ауэ я къэралым и щыхьэр ущыдахэщIэкIащ, адрейхэм хуэдабзэу ущыдахэщIэкIащ, къэралым и хуэдабзэу ущыдахэщIэкIащ. Псалъэм папщIэ, «Адыгэ псалъэ» газетыр регионалъэ пщыну фIыт, и корреспондентхэр адрей республик зэхэми щыдгъэхьа, ед газетри а щыналъэхэм яIэрыкъуэ. «Іащщэмахуэ», «Нур» журналхэри апхуэдэ лъжьхэмэ я эдгъэкIуэфамэ хьарзынэт.

Утыку кьиплъэфыну гъэщIэгъуэн куэд хэлъщ ди тхыдэми нобэрей гъащIэми, щыхуэ щэрыIуэ куэди кьызэкIащи ди лъэпкъым. Ар, псом япэрауэ, езы лъэпкъым ищIэн, нэгъуэщIхэми кьыддащIэн хуейщ.

Епсэльар

ИСТЭПАН Залинэщ.

Экономикэ | Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ | Жылагъуэ Iуэху

Илъэс 20 дэкIмэ...

Урысейм щыхухъуэхэр щыхубзхэрэн пенсэм щагъакIуэ ныбжьым щыхагъахъуэну кьыщIэкIынущ. Ауэ ар щIэж къэхъуныкъым - 2050 - 2055 гъэжрщ.

● Пенсэхэр

«2013 ГЪЭМ ирихьэлIэу Пенсэ фондыр зыхущIэкIэ ахъшэр сом триллионым нэсынущ» - а псалъэхэр зыкъом щIэуэ зэхьадэк. Ауэ хэкIыпIэр зыми иджыпи кьыхуэхъэлIауэ гъэркьым. Махуэку кIуам «Пенсэ хабзэмкIэ гъэжьакIуэ гупыр» (унафэщIыр Социалъэ политикэмкIэ институтым и Iэтащхьэ Молевэ Татьянэщ) 2020 гъэр кьэсыху зэфIагъэкIынухэм тепсэлъыхьащ. Абы кьыхихльъащ щыхухъуэхэр щыхубзхэрэн пенсэ щагъакIуэ ныбжьыр ильэс 65-рэ щрикъум и дежи зрагъэувыну. (Мы зэманым щыхухъуэр ильэс 60, щыхубзыр ильэс 55-рэ ирикIуамэ, пенсэ ират).

Iупым зыгрищIыхьыр мыращ. Урысейм пенсэ ныбжьыр щагъэувыну ильэс 65-рэ ирикIуа нужь щыхухъуэм гъэжьэн щIадзэу щыщIэта зэманым. Иджы еджапIэ нэхъыщIхьэр кьауха нужьщ нэхьыбэр Iэнатlэ щыIэрыIуэр ильэс 23 - 25-рэ ирикIуаэущ. Языныкъуэхэм я етIуанэ Iэщ Iагъэ зрагъэгъэт ильэс 30 ныбжьым иту.

- КьыззэрыщIэкIымкIэ, щыхур пIалъэ кIыхькIэ йоджэ, тIэкIурэ мэлажьэри, пенсэ щ мафIэ, - жеIэ Молевэ Татьянэ. - Кьагурыбуэн хуейщ пенсэ ныбжьыр кьэтIэкIэрэ, дэ зыми и жагъуэ зэрыдгъмышIыр. Гъэжьэн нэхъ кIасэу щыщIидзэкIэ, щыхур нэхъ гуваун пенсэ кIуэн хуейщ.

Пенсэ ныбжьым зэрыхагъэхъуэну Iэмал лIэужьыныгъуитI кьыхагъахъэ - зыр нэхъ щагъэу, адрейр нэхъ ткIийуэ. Ауэ абыхьэм ящIэ я зэкуакъкъым. Iпэм ипкъ иткIэ кьагъэуэ апхуэдэ хабзэм 2035 гъэм ирихьэлIэу зуэкIуэну. Етlуанэм кьегъэуэ 2030 гъэм абы техьэн хуейуэ.

- Дэ кьыхьыдгъхьэ пенсэ ныбжьыр зуэм хуэмурэ кьаIэтыну - ильэс кьэс мазищ-мазих нэхърэ нэхъыбэкIэ хамыгъэхъуну, - жеIэ Молевэ. - Мыгувэу язныкъуэ щIыхуэр пенсэ щыкIуэрыныр я ныбжьыр ильэс 60-рэ мазищрэ щрикъум и дежи.

Iуэхум хэтхэм жаIэ щIыхуэр Iэнатlэм пасэу, къэрал куэдым нэхъ кIасэу пенсэ зэрыщIкIэрэр. Пэжу, ди дежи ахэр Японием е США-м хуэдэу щыгъащIэ кIыхькъым.

Абы кьыдэкIуэу кьыхалъхьэ яIэн хуэят лэжьыгъэ стаж нэхъ мащIэ дыдэм хагъэхъуэну - зэуэ ильэсри 5-кIэ, итIанэ ильэс зыбжанэ щIагъуэрэ.

- Щыхуэ мелуан 13 нэрыльматэуэ экономикэм щолажьэ, - жеIэ Молевэм. - Стажым техуауэу ахуэдгъэувэхэр дгъэткIийнмэ, а къэлэнныр нэхъ тынщу зэфIахэ хъунущ.

Арщхьэкlэ а псоми пенсэ Iуэхуэр тэмэму зэфIагъэкIыфынукъым.

Фигу кьыздгъэкIыжынщ пенсэ щагъакIуэ ныбжьым хэтъэхъуэн зэрыхуэгъэ ильэс ныбжьыр щагъэувыну ильэс 65-рэ щрикъуа нужь щыхухъуэм зэрыхуэгъэ ильэс 55-рэ щрикъуамэ, пенсэ ират).

Пакьыгъэм и япэ махуэкэ газетхэм кьытехуэщ УФ-м и Президентым и Iуэхуэхэр зезыхъэ Кожин Владимир и интервьюр. Абы жиIэрт: президентымрэ пресмырэ я зыгъэпсэхупIэ-Iуэхущ Iапl эхэр егъэлеяуэ куэд хъуркъым, «Фальконкъ» кьухьыльатэ лIэужьыныгъэхэр Iэмалышащтэ-кIэ хъащхьу. Президентым и Iуэхуэр зезыхъэ кьулыкъущIапlэм щылажьэм я улахуэкэр кьыздгъэкIуэ щIэ: «Зы мазэм сом мин 50-м щегъэжьауэ сом мин 80 - 100-м нос».

Дэ зиусхъэн Кожин жиIахэр зэхэдгъэкIащ: къэрал кьулыкъущIэхэм зы ильэсым ведомосткIэ хуатхэхэрэ ипэкIэпкIэ яIэрыхьэхэмрэ зыхуэдизыр зэдгъэпщащ, хъуэхэр зыхуэдизым теухуауэ ьхатахэр я гъабжьу, Iуэхуэр зезыхъэм тIэунейрэ щIы иупсауэ кьыщIокIащ.

Япрауэ, езы законым егъэщIылIауэ. Урысейм кьэрал кьулыкъущIэхэм я лэжьапIэхэр кьыщIокI я мазэ улахуэм, мазэ кьэс ахъшэкIэ зэрагъэпажэм, саугъэт зэмылIэужьыныгъэхэм. А псори зыхуэдизым хуейр президент унафэкIэ ткIийуэ ягъэбелджыдыщащ - «Федеральнэ кэрал граждан кьулыкъущIэхэр ахъшэкIэ Iыгъыным и IуэхуэкIэ» 2006 гъэм кьыдэзкIа

● Къэзахъстан

Иджыблагъэ и пIалъэр къэмыс Къэзахъстаным щекIуэкIа президент хэхьыныгъэхэм ефIэкIыныгъэ ин дыдэ иIэу щытекIуэну къэралым и Iэтащхьэ Назарбаев Нурсултан. Абы и тельхьэу Iэ яIэтащ хэхьэкIуэхэм я процент 95,5-м. Уеблэмэ и ныкъуэкъуэгу, «удыдфэхэм» я кандидат Елеусизов Мэлсн Назарбаевым и тельхьэу Iэ яIэтащ. Ар кьыхуэмылытэн хуэдизу пщIэшхэщ.

Зэкъуэшхэр зодауэ

● Гъунапкъэхэр

Ростов областым щыш Чертков куейм щыпсэу Мартыновэ Сергей ди къэралым и гъунапкъэхэр кьыхэпаупущу идэрыкъым.

ИлъэсыМ и пэщIдзэм украин гъунапкъэхъуэмэхэм ар яубыдауэ щытащ, протоколым зэритымкIэ, «властым зэремыдэуам кьыхэзыхьу».

АрщхьэкIэ Мартыновым жеIэ хабзэр кьызэпызыдар украин гъэныкьуэрауэ: Iуэхуэр кьыщIокIуар Урысейм и щIыналъэрщ.

Сергей ехьэрычэтыщI лэжьакIуэ кьызэрагъэщIащ, нашэ-кьыдэ дыдэу яуку-дия гъунапкъэм Іус Черковэ куейм щопсэу, Къуажэ хэмрэ кьутырхэмрэ зэпрачуклIащи, язныкьуэхэм зэж ды зыгъуэм щыщхэр къэрал зырызым щыпсэуэу кьыщыщIидз щыIэщ. КIэ зимыIэж кьаугъэхэм ирагъэзэща лъэныкьуитIыр зэгурыIуащ километрипщIкIэ пэрыуэнгъэ кьыщIидзауэ щыхуэ хуит ящIыну.

Арщхьэкlэ зы кьэралым и щыхьэр щиухымрэ адрейм ейм щыщIидзэмрэ зэхэзбгъэкIыну тыншкьым. Псом хуэмыдэу зоныкьуэжьу гъущ гъэзгъэхэм тель лъэмыжжэм папщIэ - жаIэу ксэс лъныкьуитIымкIи кьикIыу абыхэм щыхухэщхэр щызокIуэ.

- Мис апхуэдэ лъэмыжьым и дежщ укъраинхэм сэ сыщаубыдар, - кьеIуэтэж Мартыновым. - Езыхэм зищIысымкIэ тхыльхэр щызамыгъэльагъуэм, гъэн здакьым си паспортыр ес тын. Сэ Украинэм и гъунапкъэм сихьауэ сыкьыщIогъагъэдащ. Абы щыгуэмми лъэмыжьри абы и щIагъри Урысейм и щIыналъэщ. Сэ лъэхъуэщым жэщ-махуэхэу тхэнкIэ сыщIагъэсащ. Абы и пэкIэ тIыпырIпIэм сыкьэзгъэпIуэн хуейуэ сыкьэзгъэнуиуэ хуит самыщIу.

Сергей ерыщу кьыщIэкIащ - абы кьыхуташ зы кьэралым и гъунапкъэр щиухымрэ адрейм ейм щыщIидзэмрэ. Абы кьыIэрыхьащ тIуэгуэ тель лъэмыжьым папщIэ - мащIэ кьэс лъныкьуитIымкIи кьикIыу абыхэм щыхуэщхэр щызокIуэ.

- Мис апхуэдэ лъэмыжьым и дежщ украинхэм сэ сыщаубыдар, - кьеIуэтэж Мартыновым. - Езыхэм зищIысымкIэ тхыльхэр щызамыгъэльагъуэм, гъэн здакьым си паспортыр ес тын. Сэ Украинэм и гъунапкъэм сихьауэ сыкьыщIогъагъэдащ. Абы щыгуэмми лъэмыжьри абы и щIагъри Урысейм и щIыналъэщ. Сэ лъэхъуэщым жэщ-махуэхэу тхэнкIэ сыщIагъэсащ. Абы и пэкIэ тIыпырIпIэм сыкьэзгъэпIуэн хуейуэ сыкьэзгъэнуиуэ хуит самыщIу.

Сергей ерыщу кьыщIэкIащ - абы кьыхуташ зы кьэралым и гъунапкъэр щиухымрэ адрейм ейм щыщIидзэмрэ. Абы кьыIэрыхьащ тIуэгуэ тель лъэмыжьым папщIэ - мащIэ кьэс лъныкьуитIымкIи кьикIыу абыхэм щыхуэщхэр щызокIуэ.

ПОНОМАРЕВЭ Александрэ.
«Известия».

● Хьэгъэщагъэ

Бензиныр мэкIуэд

Урысейм бензиныр къащIомэщIэкI. Ар щыгъэуэтыгъуейщ къэрал псом - Мурманск кьыщыщIэдзауэ Сахалин нэсыху. Хэбгъэзыхьмэ, щIыдагъэ къыщыщIащ Сыбырми. А гъэзэныгъэхэр щелэжь Iуэхуэщ Iапl э ин дыдэхэр зыдэщыIэхэри: Саратов, Ярославль, Самарэ къадэхэри гуГуэхъэхэм пэIэщIэкъым.

ЩIыпIэ -щIыпIэхэм бензин игъэхъуапIэхэр щызэхуащIащ. Абы и щхьэхуэсыгъуэр кьызыхэкIар зэкIэ гурыIуэгъуэхъым. Е апхуэдэ щIыкIэкIэ Iэнатlэр зыIыщIэлъхэр Правительствэм уасэхэм хамыгъэхъуэну игъэува мардэм кьыпэджжащ е мы Iуэхур зезымыгъэкIуэф кьыльыкъущIэхэм я мыкIымятгъэм ятIощ.

УФ-м Энергетикэмкlэ и министерствэм кьыщагъэуэтащ нэгъуэщI щхьэусыгъуэ: 2011 гъэм щыщыIэм и 1-м УФ-м щагъэуващ бензиным и фIагъыр зыхуэдизыр кьыззэрапащ пщалъащIэ - Евро-3. Мы Iэнатlэм а Iуэхум илъэситхуитIэ зыщыхуагъэхьэзыгъэ пятми, щыдагъэм елэжь предприятэ куэдыр абы зыкIи хуэмыщIауэ ирихьэлIащ - я Iэмэпсымэхэр щIэхэмкIэ зэрахъуэжIакъым. Абы кьызэхтIэкуи лажьэркъым. Кьыззэтенахэм нэгъуэщI къаухуэнэжакъым гъэсныпхъэр Таможнэ зэгуэхэныгъэм и адрей къэралхэм щащэн фIэкIа - абыхэм фIагъым апхуэдэу ткIийуэ щыбгъэщыхьэркъым. Бензиныр нэгъуэщI къэралхэм кIуащ. Аращ ар яхуримыкъуныр кьызыхэкIар. Арщхьэкlэ ар уи фIэщ пщыну гугъущ.

Япрауэ, кьызыщIагъэхьэгъуейщ а министерствэм Iэнатlэр апхуэдизу кIэрыпIтыпщ ищIауэ. Евро-3-м зыщIкIуэнкIэ, зэсэжа хабзэжьым тету, кьулыкъущIэхэм ильэс кьэс кьэс ягъэIэпхуащ. Ауэ ар зэтрагъэувыIащ щэнейрэ: 2008, 2009, 2010 гъэхэм. Иджы щIыщIыплэм и 1-м ящыгъупщауэ ара ягъэIэпхъуащ, щIыдагъэм щелэжь Iуэхущ Iапl э инхэу 28-м щыщу 20-р фIагъым и пащалъэщIэхэм хэмыхьэзыр пэтми?

Етlуанэрауэ, иджыри кьэсыху урысей бензину таможнэ зэгуэхэныгъэм хэт кьэралхэм щIэIэ-пIалъэм хэхъуакъым. Псалъэм и кьэтыркIэ, мазаем кьыщыщIэдзауэ мэлыжьыхьыр кьэсыху Урысейм и къэралым щIыдагъэ хэмыхьэзыр рифIыкъу щыщIэ-щIыдагъэхэм хэмыхьэзыр мэлыжьыхьым и иужьрей тхьэмахуэ зэхуэкурщ. Абы щыгъэувэну, а къэралхэм яхуригъэша бензиным зэрыхэхъуэрар тонн мин 400 кьудейкIэщ. Зэвгъапщэ: УФ-м зы ильэсым бензин тонн мелуан 50-м щагъу щыщIагъэж.

Кьэхъуар ипэжIпIэкIэ зи Iэужьныр нэгъуэщIщ. Мазаем революцэ зыбжанэ хъэрып къэралхэм щекIуэкIащ. Абы щыхэкIыу щIыдагъэхэкIэм я дунейпсо уасэр (Урысейм щызекIуэхэри яхэту) доллари 100-м икIри доллари 120-м нэскIэ дзуэащ. ЩIыдагъэм елэжь заводхэм уасэхэр кьаIэту хуежьащ. Апхуэдэу ямыщIыну ахэр кьигъэдэIуну щымахуэм хущIэкъуащ правительствэр. Бензин игъэхъуапIэхэм уасэхэр кьыщщэтрагъэуващ, ауэ абы и кьэлэныщIэм зиIэтащ.

ЩIэбгъэщIагъуэн щыIэкъым апхуэдэ щытыкIэ щыщIэзэрIэзэрэм и бензиныр къэрал кIуэщым щызыщIыну хуейхэм я бжыгъэм зэпымыууэ зэрыкIрыхур. Пэжщ, языныкъуэхэр властхэм ящIышнэрт, ауэ адрейхэм къагурыIуэрт зэрыкIэрыпу. Іпщ дыдэр - сыт ящIэну ямы къаэзрыхъуэгъунур. Ахэращ Iуэхуэр кьэзыгъэбгъэлэщари. «Къэзахъстаным и Іуфэм кьыIус Алтай краймэ - «Роснефть»-мрэ, «Газпроснефть»-мрэ я нэIэ зытетым ягъэ Iуэхур зэрыщIэзыIыхьами тельыдджэ гуэри хэлъкьым», - жеIэ Іэщагъэлl Валуденкэ.

Таможнэ зэгуэхэныгъэм кьигъэщIа гъуанэ-пщIанэхэмкIэ гъэсныпхъэр ди къэралым ижащ. Абы кьыдэкIуэу щыдагъэ компаниехэм кьагъэсэбэщащ зэсэжа Iэмалыжьыр. Кьэралым и гъэсэхэмкIэ иригъэкIуэкI политикэмкIэ зэрымыарэзыр кьагъэльэгъуэн папщIэ заводхэр ремонт лажьыгъэхэм хохьэ Псалъэм и хьэтыркIэ, 2009 гъэм и фокIадэм зэуэ кьагъэувыIат щыдагъэм елэжь Іуэхущ Іапl эу 17 нэгъуэщI жаIэмэ, бензин кьэзыт заводхэм я процент 60-р. Иджы мы Іуэхум апхуэдизу зиубгъуакъым. Арщхьэкlэ Омск, Ярославль, Новгород Ищхъэрэ, Ангарск кьалэхэм я заводхэм, «ябгъэр щIакъузэн» куейм хуейщ. Сыт щыгъуэ щытыкIэр щефIэкIуэныр?

Правительствэм нэгъуэщI къэралхэм бензин зышэхэм я гъуэгур зэхуищIащ. Абы и мурадщ Евро-3-м щыхуэкIуэну зэманыр арагъэу ягъэIэпхъуэну. Іуэхум хыхьащ ФАС-ри прокуратурэри. Абыхэм тхьилъ куэд кьатIэщIащ. Мыгувэу бензиныр зэрыщIэ пэрыхьэт щыхьэжынущ.

АтIэ ар хъарзынэкъэ?! Хъарзынэщ. Ауэ кьэлъытэн хуейщ щIыдагъэ хомпаниехэм я мурадыр кьаззрехъуэлари. Ди газетыр щыгъуазэ зэрыхьэжамкIэ, Правительствэм кьыфIэIуэхункъым зэман гъунэгъуэм бензин пирым и уасэр зы сом-сомитIкIэ зэрыдзэуеинур.

ГУРДИН Константин.
«Аргументы недели».

● Ди гъунэгъуэхэм я деж

Лыхъужьхэм я щIыхькIэ

Ставрополь щыщ щIэджыкIакIуэхэм кьыхалъхьащ джэрдэм гъуэгуэдж - кьалэм Къуэхъыбатэзекъуэ, кьомонат щIэрыIуэхэм я адлее кьыщыщIэгъэнэщIну.

Ар «АиФ»-м и редакцэм кьыжриIащ Ставрополь и Ленин районым и ветеранхэм я советым дзэ-патриот гъэсныгъэмкIэ и комиссэм и унафэщI Дегтярев Николай. Ар щаукъуэдиныущ Авиацэ-инженер училищэ нэхьыщхьэ щытам иныгъа щыIалъхьэм - Мамырыгъэмрэ Ленинымрэ я щIэхэр зезыхъэ уэрамхэм я эхуахэм. Мыбдеджым щыIэщIадзэжыщ уэгум рэ хъэршыкъэ щIыгъэщхэу щызезыхьаэху, Совет Союзым и Лыхъужьхэу Судец В., Кьардэн Къу., Селютин А., Басулин Е. сымэ, нэгъуэщIхэми я суратхэр. ЩIыпIэм удз гъэгъакъэмрэ жыгъэмрэ куэду щыхасэнущ.

- Апхуэдэ щIыкIэкIэ дгъэзэщIэнущ дунейм ехыжа, иджыри къэс псэу ди лъахэгъуэхэм пщIэ яхуэщIын и лъэныкъуэкIэ ди пщэ дэпь кьаралэнр, - жеIэ Дегтярев Николай. - Дыхуейт мы щIыпIэм Ставрополь кьалэр игъэдахэну, игъэщIэрэщIэну.

Нэхьыжьыфым и псалъэхэм ятепщIыхьымэ, мы Іуэхур нэхьыбэ зыхуэгъэзащ ди